

Konteks Lan Jendher Jroning Piwulangan Basa Jawa

Ing Jawa Wetan

Dening: Darni

Piwulangan basa Jawa nganti dinane iki pancen isih durung maremake. Bab mau kawiwitan saka kalungguhane basa Jawa kang mung minangka muatan lokal. Kadi dene muatan lokal, piwulangan basa Jawa ora pati antuk kawigaten kang apik dening pamarentah, siswa, lan guru. Gegayutan karo materi, durung bisa kaslarasake karo kahanane basa Jawa kang sanyatane sugih corak utawa dhialek. Piwulangan ing Jawa Wetan ora beda karo kang lumaku ing Jawa Tengah. Ing Jawa Wetan uga kagunakake buku-buku teks kang tinulis mawa basa Jawa standar, basa Jawa kang digunakake dening kawula ing tlatah Jawa Tengah. Saengga piwulangan Basa Jawa ing Jawa Wetan ora beda karo piwulangan basa asing tumrap siswa.

Siswa angel mangerteni basa kang digunakake buku utawa guru ing kelas. Akeh kosa kata kang ora ditepungi siswa, amarga bedane dhialek lan kosa kata kang kagunakake. Kanggo mbirat duhkita mau ing Jawa Wetan dibutuhake piwulangan kang slaras karo corak utawa dhialek basa kang lumaku. Dibutuhake buku teks kang migunakake basa kang slaras karo dhialek masyarakat lan uga slaras klawan konteks sosial kang bisa ngangkat budaya masyarakat Jawa Wetan. Saka aspek SDM, uga dibutuhake guru kang yakin lan wani migunakake basa dhialeke minangka basa pengantar lan nulis materi piwulangan. Jendher uga mujudake prakara kang wigati kanggo paring kawigaten marang putri jroning nyengkuyung gangsare pembangunan. Wawasan adil jendher kudu dislempitake satengahing materi ajar, amrih tuwuh sikap padha dene ngormati antarane putri lan putra kanggo nyengkuyung suksese pembangunan.

A. Pambuka

Piwulangan basa Jawa ing SD lan SMP, mligine ing Jawa Wetan, dinane iki isih akeh tuwuh reribet utawa prakara. Saka rong tataran mau, tuwuhe prakara luwih akeh dumadi ing tataran SD. Prakara kasebut meh kinandhut ing sakabehing aspek pendidikan, wiwit saka kurikulum, tenaga gurune, nganti tumekaning materi piwulangan.

Gegayutan karo kurikulum, wiwit saka kurikulum KBK tumekaning

kurikulum KTSP iki kurikulum basa Jawa isih semrawut. Kahanan kasebut bisa kadheleng ing materi pokok kang ora ana owah-owahane utawa ora ana bedane antarane kurikulum KBK karo kurikulum tahun 1994. Malah ing tingkat SD durung ana kurikulum. Kurikulum saiki sing aran kurikulum KTSP kang kudune ana bedane antarane sekolah siji lan sijine, durung katon prabedane. Kepera kurikulum basa Jawa ing tingkat SD utawa SMP padha kabeh ing tlatah Jawa Wetan iki. Kurikulum basa Jawa SD ing Medun padha karo kurikulum basa Jawa SD ing Gresik. Mesthine kurikulum basa Jawa ing rong panggonan kang beda mau kudu beda amarga kalorone nduweni karakteristik dhewe-dhewe.

Gegayutan karo tenaga guru, ing tataran SD lan SMP isih durung nyukupi. Ing tataran SD, para guru kelas isih durung kagungan kompetensi kang nyukupi kanggo mulang basa Jawa. Apa maneh sajege guru SD kaangkat saka lulusan PGSD, para guru mau ora diparingi pawitan kawasisan basa Jawa. Wiwit taun 2004 pancen ana materi basa Jawa ing PGSD, nanging bobote mung rong SKS. Pawitan samono iku isih adoh banget karo kabutuhan. Manawa katandhingake karo para lulusan SPG, kawasisan basa Jawa para lulusan PGSD mau kasunyatanane isih kalah. Ing SPG para siswa kaparingan piwulangan basa Jawa wiwit kelas siji nganti kelas telu watara rong jam piwulangan, kang padha karo rolas SKS. Apa maneh lulusan PGSD saka Universitas Terbuka babar blas ora diparingi mata kuliah Basa Jawa.

Guru basa Jawa ing SMP akeh kang ora nduweni kompetensi akademis basa Jawa. Para guru mau dudu lulusan jurusan Basa Jawa. Akeh-akehe dumadi saka guru PKn, Basa Indonesia, malah ana sing saka guru Matematika. Bab mau bisa kadheleng saka asil laporan Pengabdian Masyarakat kang katindakake dening panulis rikala tahun 2009 ing Gresik. Mung watara 10% guru basa Jawa ing tlatah kasebut kang kagungan kompetensi akademik basa Jawa (Darni, 2009:24).

Materi piwulangan basa Jawa uga ngemu reribet kang ora remeh. Prakara mau gegayutan karo anane dhialek kang luwih saka loro ing tlatah Jawa Wetan iki. Ana basa Jawa dhialek Surabaya, dhialek Lamongan, dhialek Malang, lan dhialek basa Jawa ing tlatah tapal kuda. Ana maneh dhialek basa Jawa kang digunakake dening padunung ing tlatah saurute kali Brantas, kayata Ngawi, Madiun, Magetan, Ponorogo, Pacitan, Tulungagung, Blitar, lan Trenggalek.

Dhialek basa Jawa kang mawarna-warna mau durung karangkul ing materi piwulangan basa Jawa. Buku teks lan LKS kang kasusun dening para guru saperangan gedhe isih migunakake basa Jawa Tengah kang sinebut minangka basa Jawa standar. Kabeh mau njalari piwulangan basa Jawa ora disenengi, diwedeni utawa malah didohi dening siswa, amarga sinau basa Jawa luwih angel tinimbang sinau basa Inggris. Siswa kurang paham marang basa standar kang digunakake minangka basa pengantar lan materi piwulangan.

Telung prakara mau, yaiku kurikulum, tenaga guru lan materi piwulangan mujudake prakara kang narik kawigaten lan mbutuhake kawigaten kita kabeh lan mligine kang kawogon. Tuladhane prakara kang gegayutan karo guru, sebab apa guru ora gelem nggunakake basa dhialek ing tlatahe sajroning piwulangan apa dene nulis buku mujudake prakara kang narik kawigaten. Ing babagan kurikulum, perlu kawigaten jroning nyusun kurikulum kang ngangkat kearifan lokal. Saka ketelune mau prakara materi piwulangan mujudake prakara kang paling wigati. Materi piwulangan nemtokake tingkat panguwasaan kompetensi siswa. Materi piwulangan kang ora slaras kalawan konteks panguripane siswa ing saben dinane bakal ngrerendheti kagayuhe kompetensi basa kang digarisake ing kurikulum.

B. Andharan

1. Dhialek Basa Jawa

Basa Jawa kang digunakake dening wong Jawa ing bumi Jawa iki, yaiku Ngayogyakarta, Jawa Wetan lan Jawa Tengah, nduweni luwih saka limang dhialek. Dhialek mau mujudake dhialek geografi lan dhialek sosial. Dhialek geografi yaiku beda-bedane panganggone basa kang katemtokake dening bedane tlatah basa mau kagunakake. Dene dhialek sosial yaiku beda-bedane panganggone basa karena bedane kelompok sosial para penutur (Wedhawati, 2006:13-21). Magepokan karo anane dhialek geografi, Wedhawati nyebutake anane dhialek standar, yaiku dhialek Yogja lan Solo. Dhialek standar mau nduweni rong tlatah peralihan. Ing iring wetan, tlatah peralihan perangan wetan, dumadi saka tlatah sakupenge Pacitan, Mediun, lan Grobogan. Dene tlatah peralihan kulon dumadi saka tlatah ing sakupenge Prembun, Wonosobo, lan Banjarnegara.

Bukune Wedhawati kasebut durung awèh pemetakan kang njlimet ngenani dhialek basa Jawa ing Jawa Wetan. Katrangan ngenani pemetakan kang luwih njlimet bisa kapirsani ing asil panalitene Uhlenbeck (1964) ing bukune kanthi irah-irahan ” "A Critical Survey of Studies on the Languages of Java and Madura". Ana telung perangan dhialek miturut ahli kasebut, yaiku dhialek basa Jawa sisih Kulon, Tengah, lan Wetan. Ing sisih Kulon kaperang anane dhialek Banten, Cirebon, Tegal, Banyumasan, lan dhialek Bumiayu. Dhialek basa Jawa sisih Kulon mau umume katelah minangka basa Jawa ngapak-ngapak. Dhialek basa Jawa sisih Tengah dumadi saka dhialek Pekalongan, Kedu, Bagelen, Semarang, Jepara, Rembang, Demak, Kudus, Pati, Blora, Surakarta, Yogyakarta, dan Madiun. Perangan kaloro kasebut asring sinebut minangka basa Jawa standar, mligine dhialek Surakarta lan Ngayogyakarta. Dene dhialek basa Jawa sisih Wetan dumadi saka dhialek Tuban, Bojonegoro, Surabaya, Malang, Jombang, Tengger, lan Osing. Perangan katelu kasebut asring sinebut minangka basa Jawa Timuran (http://id.wikipedia.org/wiki/Bahasa_Jawa).

Kanthi njlimet Uhlenbeck pancen wis merang dhialek basa Jawa Timuran dadi pitung perangan. Nanging isih ana dhialek-dhialek kang durung sinebut, kayata Jombang, Mojokerto, Lamongan, lan tlatah Pandhalungan, yaiku tlatah Pasuruan lan sakupenge kang akeh antuk pangaribawa saka basa Medura. Basa Jawa ing tlatah kasebut nduweni titikan kang mirunggan.

2. Kasunyatanè Materi Piwulangan Basa Jawa ing Pamulangan Jawa Wetan

Materi piwulangan basa Jawa sinebut ideal manawa materi piwulangan mau cundhuk utawa slaras kalawan konteks pasinaone siswa. Slarase materi kalawan konteks kasebut bisa mujudake sarana kang utama kanggo ngrembakakake kompetensi basa Jawa siswa kanthi linuwih. Saliyane iku piwulangan kang slaras kalawan konteks mujudake kearifan lokal kang kudu kajunjung jroning ngatonake karakter unik sawenehing basa kang tundhone bisa ngangkat pamore bangsa.

- Ngenani piwulangan kang kontekstual, Blanchard (2001)
- ngrembakakake strategi piwulangan kontekstual liwat nenem cara kaya ing ngisor iki.
- Nengenance kawasisan ngudhari prakara;

- Nengenake butuhe piwulangan kang dumadi ing kahanan-kahanan kang sanyatane, kaya ing omah, bebrayan, lan pagawean.
- Mbimbing siswa supaya bisa ngendhaleni lan ngarahake piwulangan dhewe, sahingga siswa bisa mandhiri.
- Nggayutake piwulangan kalawan konteks panguripane siswa kang beda - beda.
- Njurung supaya siswa bisa sinau saka kancane lan sinau bareng.
- Ngecakake pambiji kang alami utawa autentik.

Cara kaloro kang dingendikakake Blanchard ing ndhuwur, yaiku ngrumangsani butuhe piwulangan kang dumadi ing maneka kahanan, kaya ing omah, bebrayan, lan pagawean, perlu dirembakakake jroning materi piwulangan kang nduweni maneka warna dhialek iki.

Kaya kang wis diaturake ing perangan bebuka, Manawa materi piwulangan ing Jawa Wetan iki isih durung kontekstual. Basa kang digunakake isih mujudake basa Jawa Tengah. Kanyatan kasebut bisa dipirsani jroning buku-buku piwulangan utawa buku teks siswa. Ora mung basane wae sing basa Jawa standar. Kepara ana sekolah ing Surabaya iki kang migunakake buku piwulangan basa Jawa weton Jawa Tengah, salah sijine wetonane “Tiga Serangkai.” Buku mau asesirah Trampil Basa Jawa.

Materi jroning buku teks siswa kang sumebar mligine ing Surabaya lan umume ing Jawa Wetan iki manawa dijingglengi saka basa kang digunakake ora beda karo buku weton Jawa Tengah kaya kang diaturake ing ndhuwur. Basa kang digunakake angel tumrape siswa. Kosa kata sing digunakake wis ora dimangerteni dening siswa, ora umum digunakake dening para siswa ing jaman saiki. Salah sijine tuladha buku kang digunakake dening salah sawijine SD ing Surabaya yaiku buku Pinter Basa (2008) karangan Dwidjo Subandi. Buku kasebut diwetokake dening penerbit Mitreka, Surabaya.

Penulis buku Pinter Basa nggunakake basa Jawa standar. Ora mung ing narasi wae, ing perangan wacan, lan wawan rembug uga kagunakake basa standar. Kita pirsani cuplikan wawan rembug antarane siswa lan tamu kang rawuh ing sawijining sekolah ing ngisor iki.

Bocah-bocah : Sugeng enjing, Bu! Sugeng rawuh.
 Dhayoh : Sugeng enjang. Rahayu niring sambekala! Muga tansah pinaringan karaharjan.

Bocah-bocah : Amin!
Dhayoh : Muji syukur, lan seneng banget matur nuwun, Bu guru.
Ing esuk iki aku, rena atiku, bisa sapetemon karo
bocah-bocah sing nggantheng-nggantheng lan ayu-ayu.

Kosa kata kang digunakake ing cecaturan antarane siswa lan tamu kasebut kedhuwuren tumrape siswa Surabaya. Basa kasebut ora digunakake para siswa ing saben dinane. Ukara: "Rahayu niring sambekala. Muga tansah pinaringan karaharjan", mujudake ukara klise kang wis ora dimangerteni dening para siswa. Ukara kasebut bisa diprasajakake kaya iki: Slamet ora ana alangan sawiji apa. Muga-muga tansah diparingi sehat lan kuwat. Kosa kata ing ukara kasebut luwih dene ditepungi para siswa.

Kanyatan kaya ing ndhuwur uga tinemu ing buku teks siswa tingkat SMP/MTs. Salah siji buku kang diprangguli penulis yaiku buku Wasis Basa (Asmara, dkk, 2010) kang digunakake ing tlatah Surabaya. Basa kang digunakake uga basa standar satus persen. Ing materi ngrungokake crita cekak, kasuguhake cirta cekak kang kaserat dening pangripta saka Blora asma Turio Ragil Putra. Ora nggumunake manawa sang pangripta nggunakake basa Jawa Tengah, amarga pangripta pancen lenggah ing Blora, Jawa Tengah. Kosa kata kang digunakake uga luwih dene angel dimangerteni dening siswa Surabaya. Kosa kata mau yaiku: nyremimih, pambengan, nyrengkal karep, kamijinjan, nggleges, lan liya-liyane. Para siswa ora ngerti babar blas, amarga tembung-tembung mau ora kulina kagunakake ing pasrawungane wong tuwa ing Surabaya, apa maneh para siswa. Mesthine kapilih materi carita cekak kang kaserat dening pangripta kang lenggah ing Jawa Wetan, kaya Trinil, Suparto Brata, Sunarko, lan liya-liyane.

Basa kang digunakake ing buku teks siswa iku ora beda karo bukune Dwijo Subandi kang wis kacatur sadurunge. Bakune, ing buku mau ora kagunakake basa kang asipat kontekstual kang gampang dimangerteni dening para siswa. Kosa kata Jawa Timuran kayata arek, tolek, gak athik, embong, logor, ditonton lan sapanunggalane luwih akrab kagunakake tumrap siswa kang dedunung ing sakupenge Gerbangkertasusila mangetan, tumekane tlatah Tapal Kuda lan Jember.

Pancen ora katon anane upaya guru migunakake basa Jawa dhialek Jawa Wetan jroning nulis buku. Semono uga jroning mulang ing kelas. Salah sijine pawadan kang bisa diaturake yaiku manawa para guru ora percaya diri nggunakake basa dhialeke dhewe. Manawa wae, guru kagungan

panemu manawa basa Jawa Timuran iku kasar, ora pantes kagunakake ing madyaning piwulangan. Panemu kaya mangkono iku ora mung omongane simbok sinambi wara. Kacihna ing Seminar Menyongsong Kongres Basa Jawa IV kang diadani dening Biro Kesra Pemprop Jawa Timur ing Tretes nalika taun 2006 kepungkur ora ana inisiatip migunakake basa Jawa dhialek Jawa Timuran jroning piwulangan. Kepara, saperangan gedhe malah nyengkuyung adege basa Jawa standar jroning piwulangan ing Jawa Wetan, kalebu ing Surabaya lan sakupenge. Tumrap sekolah-sekolah sakupenge tlatah Medion bab mau pancen ora nuwuhake karibetan, amarga tlatah kasebut pancen isih kalebu wewengkone tlatah basa standar kaya kang diaturake dening Uhlenbeck ing ndhuwur.

Wawasan jendher uga kudu dipigatekake jroning ngupaya nyiptakake materi piwulangan kang apik utawa ideal. Kanthi wawasan kang responsif jendher bakal mbiyantu mujudake kaadilan jendher tumrap para siswa putra lan putri. Tundhone, wawasan adil jendher mau bakal nglantarake para siswa, putra lan putri, bisa ngranggeh hak lan bisa ngrembakakake kawasisan kanthi padha lan warata.

Sacara lugas tembung jendher kapethik saka basa Inggris kang ateges jinis kelamin (Echols, 1983:265). Nanging miturut Saptari, jendher nduweni teges kang ora mung beda karana wadage wae, nanging nduweni teges beda sacara simbolis lan sosial (1997:89). Lire, beda sacara seksual iku asipat alami, kodrati, langgeng, lan ora bisa diijolake. Ditambahake dening Humm (2002:178), manawa jinis kelamin asipat biologis, dene perilaku jendher mujudake asil konstruksi sosial, kaciptakake dening bebrayan. Semono uga Mosse (1996:3) ngendikakake manawa jendher mujudake sawernane peran utawa topeng kang kudu dienggo ing sawijining teater, kanggo nuduhake marang wong liya minangka jejere putra utawa putri. Uba rampe kang nuduhake jendher mau kayata sikap, kapribadhen, pagawean, seksualitas, tanggung jawab mring kulawarga, lan sapiturute.

Jendher pancen kawangun lelandhesan bedane jinis kelamin, nanging jendher mujudake konstruksi sosial utawa kawangun dening paserujukan-paserujukan kang tuwuh ing bebrayan. Nanging isih akeh pawongan kang nganggep jendher iku kodrating Gusti kang ora bisa diendhani lan diowahi. Gegayutan kalawan prakara iku, Mufidah (2004:9) ngandharake manawa jendher pancen wis kawangun kanthi sujarah kang dawa. Jendher kawangun kanthi maneka warna faktor, banjur disosialisasekake, dipikuwati dening sosio budaya, banjur dilanggengake dening interpretasi agama lan mitos,

sahengga kaya-kaya wis dadi sawijining kapitayan. Mula, jendher dianggep minangka kodrat kang kaparingake tumrap priya lan wanita.

Adhedhasar jendher kang kawangun dening sosio budaya, mula bebrayan kang beda bakal nduweni stereotip jendher kang uga beda. Jendher ing bebrayane wong Jawa bakal beda kalawan jendher kang lumaku ing bebrayane wong Bali lan Minang. Kabeh mau gegayutan kalawan struktur sosial kang beda jroning bebrayan kasebut.

Ing madyane bebrayan Jawa, jendher isih kaanggep minangka kodrating Gusti. Prakara mau tuwuh saka anane struktur bebrayan kita kang patriarkhal. Feodalisme lan sistem kraton kang lumaku sadurunge kamardhikan ngesahake prakara iku. Asil panaliten para sarjana kaya Koentjaraningrat (1984) lan Geertz (1989) ngendikakake manawa priya nguwasani wanita ing sakehing babagan, kaya pagawean, piwulangan, neningkahan, lan pasrawungan. Apa maneh miturut Fakhri (1996:x) wanita iku sengsara ora mung amarga jendher, nanging uga amarga kelas sosiale, werna kulit, kasta, lan asal keturunanane.

Kanyatan kasebut nuwuhake gerakan kang nuntut anane hak kang padha antarane priya lan wanita kang sabanjure sinebut feminisme. Feminisme kang asal-usule pancen saka manca kasebut ing Indonesia kaslarasake kalawan sosio budaya kita. Satemene feminisme ing Indonesia wis kawiwitan dening panjenengane Ibu kita Kartini. Rikala semana, panjenengane uga wis srawung kalawan wong manca lan kagungan pamikiran anane emansipasi antarane priya lan wanita. Mula, wawasan adil jendher pancen kudu kaparingake marang para siswa wiwit saka cilik, yaiku wiwit ing bangku SD. Wawasan jendher kudu bisa ngrenggani materi ajar ing saben piwulangan, kalebu piwulangan basa Jawa.

Satemene prakara jendher wis dadi punjer kawigaten ing madyaning piwulangan. Sacara mlahe ora ana prabeda antarane putra lan putri jroning ngangsu kawruh. Nanging isih ketara anane prabeda ing babagan peran. Tuladha kang paling onjo bisa kapirsani anane prabeda kang katon banget ngenani gunggung mahasiswa ing Fakultas Teknik. Ing Fakultas mau jurusan PKK akeh mahasiswa putrine. Dene ing jurusan Elektro akeh mahasiswa putrane. Kasunyatan mau aweh gambaran anane prabedane peran priya wanita jroning pakaryan-pakaryan ing bale wisma.

Ora akeh buku teks siswa kang nggambarake anane kesetaraan jendher. Pancen BSNP wis ngadani pambiji marang buku-buku kang bakal

didadekake buku elektronik. Isining kisi-kisi pambiji kasebut wis kagarisake anane wawasan adil jendher. Nanging emane, BSNP mung paring kawigaten marang buku-buku mata pelajaran Ebta nasional. Tuladhane buku teks “Ayo Belajar Berbahasa Indonesia untuk Kelas 1 SD” karangan Darisman, dkk. (2008) wis nuduhake anane wawasan adil jendher. Ana gambar bapak lan Ibu kang padha-padha makarya ing sanjabane omah. Ing kolom unjuk kemampuan, gambar kang dituduhake gambar siswa putri. Gambar kasebut nuduhake unggule kawasisane siswa putri jroning piwulangan.

Piwulangan basa Jawa ora kalebu etungane BSNP, amarga piwulangan Basa Jawa mung mujudake muatan lokal. Sumbare buku teks ing sanjabane BSNP umume ora ngliwati pambiji. Para penerbit lan panulis mung nggunakake pakulinan edisi revisi kang ora mesthi ana kang direvisi. Saliyane iku, prakara jendher durung dianggep prakara kang wigati. Ironing buku teks Basa Jawa kang kalandhesan lumakune tradisi patriarkhi, nduweni kalodhangan gedhe ninggalake wigatine kesetaraan jendher. Sangga runggi mau pancen dumadi ing buku piwulangan Basa Jawa. Tuladhane bisa kita pirsani ing buku teks Basa Jawa kanggo SD kelas siji seratanane Hadipriyono (2006).

Wawasan jendher kang kagambarake ing buku teks reriptane Hadipriyono kasebut durung nuduhake anane kesetaraan jendher. Pambagene peran isih kalandhesan anane prabedane jinis kelamin. Bab iku bisa kapirsani ing gambar-gambar ilustrasi apa dene ukara-ukarane. Tuladhane, gambar paraga Bapak (kaca 3) nindakake kagyatan maos koran, dene ibu katon lagi nyulam. Pambagene peran kaya mangkono isih nganut pambagene peran sacara tradisional (Ferguson,1981:13), durung migatekake wawasan kesetaraan jendher. Kagyatan maos koran kang katindakake dening paraga Bapak kalandhesan pamikiran manawa kaum priya pancen kudu tansah nambah kawruh kanthi maos koran. Dene ibu mung pantes nindakake pakaryan-pakaryan bale wisma, kaya masak, reresik, lan kala-kala nyulam kanggo ngisi wektu. Kagyatan kaya mangkono iku ora bisa nambah ilmu, nanging mung nambah ketrampilan. Ibu ora antuk kalodhangan kang padha kanggo ngggayuh kesetaraan jendher. Si paraga Bapak bakal maju terus amarga wawasane ombèr. Dene Ibu mung bisa nyulam, tanpa ana undhake kabisan liyane, kajaba nyulam lan ketrampilan sakupenge bale wisma.

Isih bisa kadeleng bedane peran antarane siswa putra lan putri kang nyolok ing kaca 33. Paraga Yudi lagi nata kayu, dene paraga Ani lagi nata taplak meja. Ing sisih liya uga katon paraga Ani, Ida, lan Ibu lagi nandur kembang, dene Bapak lan Adi lagi macul. Pakaryane putra lan putri isih kabage kanthi lelandhesan jinis kelamin. Kamangka putra lan putri bisa ijol-ijolan peran. Ani lan Ida bisa nata kayu, dene Adi bisa nandur kembang.

Kekendelan uga ginambarake amung diduweni dening siswa putra. Ing kaca 41 kagambarake siswa putra telu lagi dolanan karo sapi. Suwalike, siswa putrine katon wedi banget ndeleng kancane dolanan karo sapi kanthi gumbira. Ing perangan liyane maneh ing kaca 24, katon siswa putra cacah loro lagi numpak unta, dene siswa putri mung nonton kethek kang dikrangkeng. Kagyatan-kagyatan kasebut nuduhake manawa kekendelan mung diduweni dening para putra.

Buku teks kanggo tataran SMP uga durung nuduhake wawasan kesetaraan jendher. Ing buku Wasis Basa (Asmara, 2010) uga tinemu anane dominasi putra. Bab mau bisa kapirsani saka wacan kang kapundhut minangka bahan ajar, yaiku wacan carita cekak kanthi irah-irahan Bebana reriptane Turio Ragil Putra. Paraga putri, putrane Pak Karto, ing carita mau ana telu. Gambaran paraga telu kasebut ngandhut kapincangan jendher. Mangga kita pirsani cuplikan ing ngisor iki.

Pak Karto duwe anak papat. Kabeh wadon, kabeh ayu. Sing telu wis omah-omah, kari sing ragil sing durung. Kamangka saiki umure wis ngancik selikur taun. Iki beda karo mbakyu-mbakyune, sing durung genep nembelas tahun wis dadi manten.

...Dene Sriyatun, sawise ngrampungake SMA sasat ora duwe gegayuhan, ora nate duwe petungan tekan semono (Asmara, 2010:2-5).

Cuplikan ing ndhuwur manawa katiti ngenani kalungguhane wanita, nggambarake anane dominasi priya marang wanita. Putrane Pak Kerto kang ayu-ayu ora bisa antuk pendidikan kang murwat, amarga wis kanikahake kalane isih seneng-senenge sekolah lan gegojegan. Kahanan kaya mangkono nggambarake manawa wanita ora diwenahi kalodhangan sinau kang ombor kaya paraga Sukir kang bisa tamat sarjana. Kepara durung cukup umur wae wis dinikahake. Semono uga Sriyatun mung lulus SMA, mula ora bisa nggagapi petungane Sukir kang lulus sarjana. Kabeh mau paring gambaran manawa wanita ora pinercaya sekolah dhuwur lan ora duwe kalodhangan kang padha karo priya, sahingga pamikire cubluk. Mula

saka wawasan jendher, pamilihe cerkak mau kurang trep kanggo paring tuladha marang siswa SMP. Karaktere paraga putri kang ringkih lan ora duwe greget maju ora bisa paring wawasan lan patuladhan kang becik marang siswa.

3. Pamikiran tumuju Piwulangan Basa Jawa kang Kontekstual lan Kalandhesan Wawasan Jendher

Andharan ngenani kasunyatan piwulangan Basa Jawa kaya kang wis diandharake ing ndhuwur nuduhake manawa piwulangan Basa Jawa dinane iki isih mbutuhake kawigaten. Piwulangan Basa Jawa isih ana ing awang-awang, durung midak bumi kang sabenere, durung kontekstual. Siswa sinau basa Jawa kaya dene sinau basa manca, amarga kang disinau pancen dudu basa Jawa kang digunakake saben dina.

Kanggo ngudhari prakara kasebut kang paling wigati yaiku caos panjurung marang guru supaya guru kagungan wawasan ngangkat kearifan lokal basane dhewe, migunakake dhialeke dhewe jroning nyusun buku teks apa dene LKS lan minangka basa pengantar ing piwulangan. Pangrasa asor tumrap basa dhialeke dhewe kudu dibuwang. Mulang karena migunakake basa dhialek sing diakrabi siswa, piwulangan bakal luwih gampang ditampa dan dimangerteni dening para siswa.

Buku teks lan LKS sing apik pancen disusun dening guru ing saben kabupaten, saengga bisa katon pamor karakteristike kang beda karo kabupaten liyane. Nanging ngelingi winatese tenaga, bisa uga kasusun bareng-bareng kalawan kabupaten-kabupaten liya kang nduweni dhialek padha. Dhialek Jawa Timuran, kaya kang diaturake Uhlenbeck, nyakup wilayah Gersik, Jombang, Mojokerta, Surabaya, Sidoarjo, Pandaan, Malang, Kertosono bisa diklumpukake jroning nyusun buku teks amarga nduweni karakteristik basa kang memper. Dene golongan kaloro, tlatah Pendalungan utawa Tapal Kuda, nyakup tlatah Pasuruan, Probolinggo, Bondowoso, Lumajang, Situbondo, lan Jember. Tlatah kasebut dhialek basa Jawane kacampuran basa Medura. Golongan katelu yaiku basa Jawa dhialek Osing. Golongan kapapat basa Jawa ing tlatah Mediun, Pacitan, Blitar, Tulungagung, Trenggalek, Ponorogo, Magetan, Nganjuk, lan Ngawi, kang migunakake dhialek basa Jawa standar.

Tumrap LKS, apike saben guru ngupaya nyusun LKS dhewe kang materine bisa mundhut saka buku sumber lan buku teks siswa. Tumrap guru

SD lan MI kang isih winates kompetensi lan tenagane, LKS bisa kasusun bareng-bareng dening guru sakabupaten utawa sakutha.

Gayut kalawan jendher, guru kudu migatekake wawasan adil atawa kesetaraan jendher jroning nyusun buku Teks apa dene LKS. Wawasan kesetaraan jender pancen kudu kaparingake marang siswa wiwit bangku TK. Materi lan ilustrasi gambar kaupayakake paring gambaran anane peran kang adil tumrap siswa putra lan putri. Putra lan putri bisa nindakake pagawean kang padha, tanpa milih-milih. Siswa putra bisa nyapu, nandur kembang, lan ewang-ewang olah-olah ibune ing pawon. Dene putri uga bisa ngangkat bayu lan nata kayu, apa dene ngewangi bapake siram-siram. Kesetaraan jendher kasebut bisa ngenthengake jebibahan bale wisma kang kudu ditanggung wanita samangane wanita bisa kerja ing njaban omah. Kasunyatane wanita pancen kacandhet kariere samangsa wanita kudu mikul jebibahan minangka bojo, ibu, lan ngrumat bale wisma. Kesetaraan jendher uga katrapake ing pamikiran. Ora mung ing dum-duman pakaryan wae, nanging uga ing babagan kang luwih wigati, kaya njupuk lan nemtokake keputusan, kalodhangan sinau, kerja, lan nemtokake sikap ing maneka warna kahanan.

C. Penutup

Materi piwulangan basa Jawa kang kaserat jroning buku teks lan LKS ing Jawa Wetan umumnya, mligine ing tlatah dhialek Jawa Timuran, ora kontekstual, isih migunakake dhialek basa Jawa standar. Dhialek kang urip ing sakupenge panguripane siswa katinggalake. Semono uga, sajroning mulang ing njero kelas guru uga ora migunakake basa dhialek siswa. Basa Jawa Timuran kang pancen duwe karakter atos (rada kasar) kanggep ora pantes digunakake ing sekolah. Tundhone siswa males lan wegah sinau basa Jawa, amarga krasa angel lan aneh. Saliyane iku, siswa mung sinau ilmu basa, dudu kawasisan basa. Pancen kang jalari siswa angel migunakake basa Jawa ora mung amarga bedane dhialek. Pakulinane siswa kang wis arang migunakake basa Jawa ing omah uga mujudake sabab kang wigati. Mula sabisa-bisa piwulangan basa Jawa diupayakake ora mujudake piwulangan kang njelehi amarga angele lan anehe materi piwulangan. Kanggo mujudake kabeh mau pawitan kang wigati yaiku kuwanene guru nggunakake basa dhialek sajroning piwulangan lan nyerat materi piwulangan. Tundhone kabeh mau mujudake upaya kanggo ngangkat kearifan lokal ing piwulangan.

Wawasan jendher jroning materi piwulangan basa Jawa isih kapetung pincang utawa bias. Buku-buku teks siswa isih durung nggambarake anane wawasan kesetaraan jendher. Bab mau kalandhesan anane kekuwatan patriarkhi kang wis mbalung sungsum ing bebrayan Jawa. Mula dibutuhake buku teks siswa lan LKS kang awawasan kesetaraan utawa adil jendher. Wawasan adil jendher kudu sinusupake jroning gambar ilustrasi lan isi materi piwulangan. Kabeh mau minangka sarana paring kalodhangan kang padha tumrap priya lan wanita jroning ngrembakake kapribadhen. Nanging pangrembakane kapribadhen mau kudu linandhesan luhuring budaya Jawa. Wanita kang tinuju yaiku wanita mandhiri kang nduweni watak utama, ora ninggal subasita Jawa.

Daftar Pustaka

- Asmara, Endri, dkk. 2010. Wasis Basa kanggo Kelas VIII. Surabaya: CV Orion.
- Blanchard, Alan. 2001. Contextual Teaching and Learning. B.E.S.T.
- Darisman, Muh., dkk. 2003. Ayo Belajar Bahasa Indonesia untuk Kelas 1 Sekolah Dasar. Surabaya: Penerbit Erlangga.
- Darni, 2001. “Fenomena Baru dalam Tulisan Putri Sastra Jawa Modern Menjelang Tahun 2000 ” dalam Prasasti. Jurnal Ilmiah FBS Unesa.
- ----- 2007. ”Pelatihan Penyusunan Pembelajaran Bahasa Daerah Berwawasan Kesetaraan Jendher pada Guru SMP di Kabupaten Gresik”. Laporan PKM (tidak diterbitkan). Surabaya: LPM Unesa.
- Echolls, John dan Hassan Shadily. 1983. Kamus Inggris-Indonesia. Jakarta: Gramedia.
- Fakih, Masour. 1996. “Menuju Dunia yang Lebih Adil melalui Perspektif Jendher: Sebuah Pengantar dalam Jendher dan Pembangunan. Yogyakarta: Rifka Anisa.
- Geertz, Clifford. 1989. Abangan, Santri, dan Putrayi dalam Masyarakat Jawa. Jakarta: Grafiti Press.
- Hadipriyono, S, dkk. 2002. Ngleluri Basa Jawi: Piwulang Basa Jawa Sekolah Dasar Kelas 1. Surabaya: Angkasa Citra Jawa Murti.
- Humm, Maggi. 2003. Ensiklopedia Feminisme. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Baru.
- Khasanah, Uswatun. tt. Panduan Belajar Siswa: Basa Jawa 3a. Surabaya: CV Mia.
- Koentjaraningrat. 1984. Kebudayaan Jawa. Jakarta: Balai Pustaka.
- Mosse, Julia cleves. 1996. Jendher dan Pembangunan. Yogyakarta: Rifka Anisa.

- Mufidah. 2004. Paradigma Jendher. Malang: Bayu Media.
- Muharto, Sam dan W. Nataatmaja. 2004. Trampil Basa Jawa. Solo: Tiga Serangkai.
- Saptari, Ratna dan Brigitte Holzner. 1997. Perempuan Kerja dan Perubahan Sosial: Sebuah Pengantar Studi Perempuan. Jakarta: Grafiti Press.
- Subandi, Dwidjo. 2008. Pinter Basa: Wulangan Basa Jawa Sekolah Dasar 6. Surabaya: Mitreka.
- Wedhawati, Sjamsul Arifin. 2006. Tata Bahasa Jawa Mutakhir. Yogyakarta: Kanisius.
- Wikipedia. tt. Bahasa Jawa. <http://wapedia.mobi/id.Basa>

BIOGRAFI

Nama : Dra. Darni, M.Hum.

Jenis Kelamin : Perempuan

Alamat : Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, Unesa Kampus

Lidah Wetan, Surabaya

Telp. : (*****)

HP : (*****)

Riwayat Pendidikan :

- S-1 Pendidikan Bahasa Daerah IKIP Surabaya
- S-2 Ilmu Susastra Universitas Indonesia
- S-3, Universitas Negeri Surabaya, Ujian tertutuptanggal 13 September 2011

Pengalaman:

Pengalaman Pekerjaan

- Staf akademis di jurusan Pendidikan Bahasa Daerah sejak tahun 1990 sampai sekarang
- Ketua Laboratorium Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, tahun 1996-2003
- Staf Ahli UPT P4, Universitas Negeri Surabaya, sejak tahun 2004 sampai 2007.
- Kepala Pusat Studi Wanita, Universitas Negeri Surabaya, 2005-2008
- Penyunting pelaksana Jurnal Ilmiah PRASASTI, FBS, UNESA, sejak tahun 1997 sampai 2008

- Ketua penyunting Jurnal Ilmiah INOVASI, Pusat Pembinaan dan Pengembangan Pendidikan, UNESA, mulai tahun 2004.
- Penyunting pelaksana jurnal JSS FBS Unesa tahun 2009-sekarang
- Pengalaman Penelitian : Peneliti sastra Jawa modern sejak tahun 1991 sampai sekarang

Hasil penelitian 5 tahun terakhir:

- Dalang Wayang Kulit Wanita Jawa Timur(Versi Jawa Tengah).
- Laporan Penelitian Studi Kajian Wanita. DP3M Ditbinlitabmas Dikti Jakarta. 2007.
- Kekerasan terhadap Perempuan dalam Tayangan Sinetron Televisi Indonesia tahun 2008. 2008.
- Laporan Penelitian. Lembaga Penelitian Universitas Negeri Surabaya.
- Peran dan Kedudukan Perempuan dalam Puisi Jawa Modern d Akhir Abad 20. 2008.
- Laporan Penelitian Studi Kajian Wanita. DP2M Dikti Jakarta.
- Roman Sacuwil Sastra Jawa Modern. 2009. Laporan Penelitian Fundamental. DP2M Dikti Jakarta.
- Kekerasan dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism. 2011. Laporan Penelitian Hibah Pascasarjana Unesa. DP2M Dikti Jakarta.

Pengalaman menulis karya ilmiah 5 tahun terakhir

- Aja Ngaya: Etos Kerja Orang Jawa (Pencerminan Tatanan Masyarakat Jawa yang Rukun dan harmonis). 2006.
- Seminar Internasional: Work Ethic Cultural in the Pluralism Society. Pusat Kajian Jepang dan Japan Foundation. Surabaya, 1 November 2006.
- Kompetensi Guru Bahasa Jawa. 2006. Makalah Kongres Bahasa Jawa IV. Semarang, 10-15 Nopember 2006.
- Penyair Wanita Sastra Jawa Modern Tahun 1990-an. 2006. Jurnal Ilmiah Lentera. Lembaga Penelitian Unesa.
- 'Dalang Perempuan Responsif Gender dari Manca Negari Barat'. 2007. jurnal Lentera. Surabaya: PSW Lemlit Unesa.
- Kepedulian Penyair Laki-laki terhadap Peran dan Kedudukan Perempuan dalam Puisi Jawa Modern di Akhir Abad 20.
- Jurnal Ilmiah JSS Fakultas Bahasa dan Seni Unesa. Vol. 1. No. 1, Januari 2009.

- Karya Monumental Para Jendral Sastra Jawa Gagrag Anyar. Disampaikan dalam Bedah Buku Diselenggarakan Oleh FBS Unesa, tanggal 22 April 2010.
- Kemenangan Imajinatif Saddam Hussein dalam Novel Tarian Syetan. 2010. Jurnal JSS Fakultas Bahasa dan Seni Unesa. Vol.2, No.2, Juli 2010.
- Suralisme dalam Cala Ibi: Makna dan Teknik. 2011. Jurnal JSS Fakultas Bahasa dan Seni Unesa. Vol.3, No.1, Juli 2011.

Pengalaman menulis artikel populer 5 tahun terakhir

- 'Kekhasan Paraga-paragane Suparto Brata ing Cintrong Traju Papat'. 2006.
- Nominator Lomba Esay Cerbung. Surabaya: Panyebar Semangat.
- 'Nyemak Novel' dalam Ominibus Suparta Brata. 2008.
- 'Wigatine Sejarah Ironing Nintingi Cerbung Ting'. Juara Lomba Kritik Sastra Diselenggarakan oleh Majalah Panyebar Semangat, bulan Agustus 2010.
- 'Cerita Detektif Khas Jawa Anggitane Pakne Puri'. Artikel Populer Majalah Panyebar Semangat, No. 2, Tanggal 8 Januari 2011.